

**KORELASI PANGUWAOSAN KOSAKATA LAN MINAT MAOS
KALIYAN KATRAMPILAN MICARA SISWA KELAS XI
SMK NEGERI 3 PURWOREJO WARSA 2016-2017**

TESIS

Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister

Program Studi Pendidikan Bahasa



Kaanggit dening

SUKISWATI

NIM 14PSC01601

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2016

PASARUJUKAN

KORELASI PANGUWAOSAN KOSAKATA LAN MINAT MAOS

KALIYAN KATRAMPILAN MICARA SISWA KELAS XI



SMK NEGERI 3 PURWOREJO WARSA 2016-2017

Dening

SUKISWATI

NIM 14PSC01601

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pembimbing

	Tapak Asma	Tanggal
Pembimbing I Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd. NIK. 690 115 345		<u>22 NOPEMBER 2016</u>
Pembimbing II Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP 19600412 198901 1 001		<u>22 NOPEMBER 2016</u>



PENGESAHAN





**KORELASI PANGUWAOSAN KOSAKATA LAN MINAT MAOS
KALIYAN KATRAMPILAN MICARA SISWA KELAS XI
SMK NEGERI 3 PURWOREJO WARSA 2016-2017**

Dipunanggit dening:

SUKISWATI

NIM 14PSC01601


Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji


Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum.		6/12 2016
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum.		6/12 2016
Panguji I	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.		6/12 2016
Panguji II	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.		6/12 2016

Kauningan:

Direktur Program Pascasarjana,

Ketua Program Studi


Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK 690 115 345


Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001



PRATELAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

Nama : Sukiswati
NIM : 14PSC01601
Program Studi : Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun “*KORELASI PANGUWAOSAN KOSAKATA LAN MINAT MAOS KALIYAN KATRAMPILAN MICARA SISWA KELAS XI SMK NEGERI 3 PURWOREJO WARSA 2016-2017*” menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* menika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratelan kula mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih menika batalipun *gelar* Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, November 2016

Ingkang damel pratelan



Sukiswati

MOTTO

Ing ngarsa sung tuladha, inga madya mangun karsa

Tut wuri handayani

(Ki Hajar Dewantoro)

Sangsaya wimbuh seserepan lan raja brana satunggaling tiyang, badhe sakalangkung ageng amanah ingkang dipunemban dening tiyang kasebat. Prayogi

nuladha pantun, sangsaya kathah isinipun sangsaya ndhingkluk.

(Abdullah Ibn Adam)

PISUNGSUNG

Karya menika kula pisungsungaken dumateng:

1. Tiyang sepuh kula ingkang tansah paring donga pengestu.
2. Semah saha anak kula ingkang tansah nyurung donga lan semangat.
3. Bapak/Ibu guru saha siswa SMK Negeri 3 Purworejo.

ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Pangeran Inggang Mahaasih tuwin Mahamirah, awit saking lubering sih kanugrahan satemah kula saged nyekapaken tesis kanthi irah-irahan “*KORELASI PANGUWAOSAN KOSAKATA LAN MINAT MAOS KALIYAN KATRAMPILAN MICARA SISWA KELAS XI SMK NEGERI 3 PURWOREJO WARSA 2016-2017*”.

Tesis menika kaanggit minangka kangge hanjangkepi saperangan syarat anggayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa ing Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingipun pambyantu kangge nyekapi tesis menika, pramila panganggit ngaturaken agunging panuwun inggang tanpa pepindan dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd., Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd., Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pembimbing I inggang sampun paring panjurug lan pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.
3. Bapak Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum., Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Pasacasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pembimbing II inggang sampun paring panjurug lan pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.

4. Bapak Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum., Pangarsa Tim Panguji tesis ingkang sampun paring panjurug lan pangarah tesis menika.
5. Ibu Dr. Hersulastuti, M.Hum., Sekretaris Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Panitra Tim Panguji tesis ingkang sampun paring panjurug lan pangarah tesis menika.
6. Bapak saha Ibu Dwija kelas XI ing SMK Negeri 3 Purworejo ingkang sampun paring panjurug saha wekdal dumateng panganggit kangge ngayahi panaliten.
7. Siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo tahun piwulangan 2016/2017 ingkang sampun nderek *partisipasi* ing panaliten menika.

Panganggit sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ananging panganggit ngrumaosi bilih tesis menika tasih kathah kekuranganipun. Pramila, panyaruwe saking para kadang pamaos tansah kula antu-antu, matur nuwun.

Klaten, November 2016

Panganggit,

Sukiswati

DHAFTAR ISI

COVER	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
PRATELAN	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DHAFTAR ISI.....	ix
DHAFTAR TABEL.....	xii
DHAFTAR GAMBAR	xiii
DHAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARIPATI.....	xv
ABSTRAK	xvi
<i>ABSTRACT</i>	xvii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis.....	4
C. Rumusaning Prakawis	5
D. Ancasing Panaliten	5
E. Mumpangating Panaliten.....	6

BAB II	LAMBARANING TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT	
	LAN RAGANGANING PAMIKIR	8
	A. Lambaraning Teori	8
	1. Katrampilan Micara	8
	2. <i>Minat</i> Maos	20
	3. Panguwaosan <i>Kosakata</i>	24
	B. Panaliten ingkang Gayut	30
	C. Raganganing Pamikir	31
	D. Hipotesis	33
BAB III	METODOLOGI PANALITEN.....	34
	A. Wujud dan Strategining Panaliten	34
	B. Objek, Papaning saha Wekdaling Panaliten	35
	C. Variabel Panaliten	37
	D. Definisi Operasional	37
	E. Populasi saha Sampel Panaliten	39
	F. Teknik Ngempalaken Dhata	42
	G. Validitas saha Reliabilitas Instrumen	43
	H. Teknik Pangonceking Dhata.....	48
BABIV	PIKANTHUKIPUN DHATA LAN PANGONCEKIPUN	51
	A. Deskrpsi Dhata	51
	1. Panguwaosan <i>Kosakata</i>	51
	2. <i>Minat</i> Maos	54
	3. Katrampilan Micara	58
	B. Pangujian Persyaratan Analisis Dhata.....	61

1. Normalitas Dhata	61
2. Linieritas <i>Korelasi Dhata Variabel</i>	63
C. Pangujian Hipotesis	65
1. Hipotesis I	65
2. Hipotesis II	67
3. Hipotesis III	70
D. Pangonceking Kasilipun Panaliten	72
1. <i>Korelasi Panguwaosan Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara	72
2. <i>Korelasi Minat Maos</i> kaliyan Katrampilan Micara	75
3. <i>Korelasi Minat Maos saha Panguwaosan Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara	79
BAB V PANUTUP	83
A. Dudutan	83
B. Implikasi	84
C. Saran	88
KAPUSTAKAN	89
LAMPIRAN	92

DHAFTAR TABEL

3.1	Kisi-kisi Aspek Tes Katrampilan Micara	37
3.2	Kisi kisi Angket <i>Minat</i> Maos.....	38
3.3	Kisi kisi Tes Panguwaosan <i>Kosakata</i>	39
3.4	Cacahing Siswa Kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo Warsa 2016/2017 ...	40
3.5	Cacahing Siswa Kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo Warsa 2016/2017 ingkang Dipundadosaken Sampel Panaliten.....	41
4.1	Biji Panguwaosan <i>Kosakata</i> Siswa.....	51
4.2	Kategori Panguwaosan <i>Kosakata</i> Siswa.....	53
4.3	Biji <i>Minat Maos</i> Siswa	55
4.4	Kategori <i>Minat</i> Maos Siswa	57
4.5	Biji Katrampilan Micara Siswa	58
4.6	Kategori Katrampilan Micara Siswa	60
4.7	Kasilipun Uji Normalitas Dhata	62
4.8	Kasilipun Uji <i>Korelasi</i> Panguwaosan <i>Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara.....	66
4.9	Kasilipun Uji Regresi Panguwaosan <i>Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara.....	66
4.10	Kasilipun Uji <i>Korelasi Minat</i> Maos kaliyan Katrampilan Micara	68
4.11	Kasilipun Uji Regresi <i>Minat</i> Maos kaliyan Katrampilan Micara.....	68
4.12	Kasilipun Uji Regresi Ganda <i>Minat</i> Maos lan Panguwaosan <i>Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara	70

DHAFTAR GAMBAR

2.1	Raganganing Pamikir Panaliten.....	33
3.1	Desain Panaliten	35
4.1	Grafik Kategori Panguwaosan <i>Kosakata</i> Siswa	54
4.2	Grafik Kategori <i>Minat</i> Maos Siswa.....	57
4.3	Grafik Kategori Katrampilan Micara Siswa.....	61
4.4	Kasiling Uji Linieritas <i>Korelasi Minat</i> Maos kaliyan Katrampilan Micara.....	63
4.5	Kasiling Uji Linieritas <i>Korelasi Panguwaosan Kosakata</i> kaliyan Katrampilan Micara.....	64

DHAFTAR LAMPIRAN

1. Soal Panguwaosan <i>Kosakata</i>	92
2. Kunci Jawaban <i>Panguwaosan Kosakata</i>	100
3. Lembar Jawab Penguwaosan <i>Kosakata</i>	101
4. Angket <i>Minat Maos</i>	102
5. Lembar Jawab <i>Minat Maos</i>	107
6. Lembar Penilaian Katrampilan Micara (Pidato)	108
7. Dhata Panaliten <i>Minat Maos</i>	109
8. Dhata Panaliten Panguwaosan <i>Kosakata</i>	112
9. Dhata Panaliten Katrampilan Micara.....	115
10. Uji Validitas lan Reliabilitas Instrumen Lumantar SPSS	116
11. Uji Normalitas Dhata Lumantar SPSS	124
12. Uji Frekuensi dan Histogram Lumantar SPSS	125
13. Uji Korelasi lan Regresi Lumantar SPSS	131
14. Dhata Panaliten <i>Minat Maos</i> (Valid lan Reliabel).....	145
15. Dhata Panaliten Panguwaosan <i>Kosakata</i> (Valid lan Reliabel)	148
16. Dhata Panaliten Katrampilan Micara (Valid lan Reliabel).....	151
17. Biji lan Kategori Rekap Dhata Panaliten	152
18. Dhaftar Siswa ingkang dados Sampel Panaliten	157
19. Contho Lembar Jawab Panguwaosan <i>Kosakata</i>	159
20. Contho Lembar Jawab <i>Minat Maos</i>	161
21. Contho Lembar Penilaian Katrampilan Micara	163
22. Indikator lan Kisi-kisi Damel Instrumen Panaliten	165

SARIPATI

Sukiswati, 14PSC01601. “*Korelasi Panguwaosan Kosakata lan Minat Maos kaliyan Katrampilan Micara Siswa Kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo Warsa 2016-2017*”. Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, 2016

Rumusaning prakawis panaliten: (1) Punapa wonten sesambetan antawisipun panguwaosan *kosakata* kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?; (2) Punapa wonten sesambetan antawisipun minat maos kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?; (3) Punapa wonten sesambetan antawisipun minat maos lan panguwaosan *kosakata* kanthi sesarengan kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?

Wujud panaliten menika panaliten *kuantitatif* kanthi metodhe *survei*. Sampel panaliten siswa kelas XI SMKN 3 Purworejo cacah 52 siswa. *Teknik sampling* ngagem *proporsional random sampling*. Teknik ngempalaken dhata panguwaosan *kosakata* lan katrampilan micara ngagem tes, saha angket kangge ngempalaken dhata *minat* maos. Teknik pangonceking dhata ngagem analisis *korelasi lan regresi linier*.

Kasilipun panaliten: (1) Penguwaosan *kosakata* siswa (X_1) anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara (Y) ingkang katingal saking koefisien korelasi (r) = 0,820. Sumbangan sesambetan antawisipun panguwaosan *kosakata* dhumateng katrampilan micara inggih menika $R^2 \times 100\% = 0,672 \times 100\% = 67,2\%$. Koefisien regresi 0,398 lan uji $t = 10,125$ kanthi signifikansi $0,000 < 0,05$. Pramila, menawi tataran panguwaosan *kosakata* tambah inggil badhe tambah inggil ugi tataran katrampilan micara siswa. Menawi tataran panguwaosan *kosakata* andap badhe mandhapaken tataran katrampilan micara siswa; (2) *Minat* maos (X_2) anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara (Y) ingkang katingal saking koefisien korelasi (r) = 0,393. Sumbangan sesambetan antawisipun *minat* maos dhumateng katrampilan micara inggih menika $R^2 \times 100\% = 0,154 \times 100\% = 15,4\%$. Koefisien regresi 0,365 saha uji $t = 3,020$ kanthi signifikansi $0,004 < 0,05$. Pramila, menawi tataran minat maos tambah inggil badhe tambah inggil ugi tataran katrampilan micara siswa. Menawi tataran *minat* maos andap badhe mandhapaken tataran katrampilan micara siswa; (3) *Minat* maos saha *panguwaosan kosakata* sesarengan anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara amargi koefisien korelasi ganda (R) = 0,897. Koefisien determinasi (R^2) = 0,674. F -test = 83,577 kanthi signifikansi $0,000 < 0,05$. Kanthi menika, sumbangan sesambetan antawisipun variabel bebas (*minat* maos saha *panguwaosan kosakata*) dhumateng variabel tergantung (katrampilan micara) inggih menika $0,764 \times 100\% = 76,4\%$, pramila kekiranganipun 23,6% dipunkorelasii kaliyan variabel utawi faktor sanes ingkang mboten dipuntaliti.

Dudutan panaliten: (1) Penguwaosan *kosakata* siswa anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara; (2) *Minat* maos anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara; (3) *Minat* maos saha *panguwaosan kosakata* sesarengan anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara.

Wosing tembung: *Minat* maos, *Panguwaosan kosakata*, *Katrampilan micara*.

ABSTRAK

Sukiswati, 14PSC01601. “Korelasi Penguasaan Kosakata dan Minat Membaca dengan Ketrampilan Berbicara Siswa Kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo Tahun 2016-2017”. Tesis. Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, 2016.

Rumusan masalah penelitian adalah: (1) Apakah ada korelasi penguasaan kosakata terhadap ketrampilan berbicara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?; (2) Apakah ada korelasi minat membaca terhadap ketrampilan berbicara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?; (3) Apakah ada korelasi minat membaca dan penguasaan kosakata secara bersama-sama terhadap ketrampilan berbicara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?

Jenis penelitian adalah penelitian kuantitatif dengan metode survei. Sampel penelitian adalah siswa kelas XI SMKN 3 Purworejo yang berjumlah 52 siswa. *Teknik sampling* menggunakan *proporsional random sampling*. Teknik mengumpulkan data penguasaan kosakata dan ketrampilan berbicara menggunakan tes dan angket untuk mengumpulkan data minat membaca. Teknik analisis data menggunakan analisis korelasi dan regresi linier.

Hasil penelitian adalah: (1) Penguasaan kosakata siswa (X_1) memiliki korelasi dengan ketrampilan berbicara (Y) yang dibuktikan dari koefisien korelasi (r) = 0,820. Koefisien determinan sebesar $R^2 \times 100\% = 0,762 \times 100\% = 76,2\%$. Koefisien regresi 0,384 dan uji $t = 10,125$ dengan signifikansi $0,000 < 0,05$. Berarti, apabila tingkat penguasaan kosakata semakin tinggi akan menyebabkan semakin tinggi tingkat ketrampilan berbicara siswa. Apabila tingkat penguasaan kosakata semakin rendah akan menyebabkan semakin rendah pula tingkat ketrampilan berbicara siswa; (2) Minat membaca (X_2) memiliki korelasi dengan ketrampilan berbicara (Y) yang dibuktikan dari koefisien korelasi (r) = 0,393. Koefisien determinan sebesar $R^2 \times 100\% = 0,154 \times 100\% = 15,4\%$. Koefisien regresi 0,365 dan uji $t = 3,020$ dengan signifikansi $0,004 < 0,05$. = 0,296. Berarti, apabila tingkat minat membaca semakin tinggi akan menyebabkan semakin tinggi ketrampilan berbicara siswa. Apabila tingkat minat membaca semakin rendah akan menyebabkan semakin rendah pula tingkat ketrampilan berbicara siswa; (3) Minat membaca dan penguasaan kosakata secara bersama-sama memiliki korelasi terhadap ketrampilan berbicara dengan koefisien $F\text{-test} = 83,577$ dan signifikansi $0,000 < 0,05$. Koefisien determinan atau *Adjusted R Square* (R^2) = 0,764. Berarti, besarnya korelasi variabel bebas (minat membaca dan penguasaan kosakata) terhadap variabel tergantung (ketrampilan berbicara) sebesar $0,764 \times 100\% = 76,4\%$, sehingga kekurangannya sebesar 23,6% dikorelasii oleh variabel atau faktor lain yang tidak diteliti.

Kesimpulan penelitian: (1) Penguasaan kosakata siswa memiliki korelasi dengan ketrampilan berbicara; (2) Minat membaca memiliki korelasi dengan ketrampilan berbicara; (3) Minat membaca dan penguasaan kosakata secara bersama-sama memiliki korelasi terhadap ketrampilan berbicara.

Kata kunci: Penguasaan kosakata, Minat membaca, Ketrampilan berbicara.

ABSTRACT

Sukiswati, 14PSC01601. "The Correlation of Mastery of Vocabulary and Reading Interest with Speaking Skills Class XI student of SMK Negeri 3 Purworejo Year 2016-2017". Thesis. Graduate Program of Widya Dharma University, Klaten, 2016.

The research problems are: (1) Is there any correlation of mastery of vocabulary with speaking skills class XI student of SMK Negeri 3 Purworejo ?; (2) Is there any correlation of interest of reading with speaking skills class XI student of SMK Negeri 3 Purworejo?; (3) Is there any correlations of mastery of vocabulary and interest of reading together with speaking skills class XI student of SMK Negeri 3 Purworejo?

This type of research is quantitative research with survey method. The research sample is a class XI student of SMK 3 Purworejo totaling 52 students. The sampling technique using proportional random sampling. Techniques of collecting data mastery of vocabulary and speaking skills using tests and questionnaires using to collect data of reading interest. Data were analyzed using correlation and linear regression analysis.

Results of research are: (1) Mastery of students vocabulary (X_1) has a correlation with speaking skills (Y) as evidenced from the correlation coefficient (r) of 0.820. Determinant coefficient of $R^2 \times 100\% = 0,762 \times 100\% = 76,2\%$. Regression coefficient of 0.398 and uji t = 10,125 with a significance of $0.000 < 0.05$. Meaning, if the higher-level mastery of vocabulary will lead to higher levels of students' speaking skills. If the level of the lower vocabulary will cause the lower the level of students' speaking skills; (2) Reading interest (X_2) has a correlation with on speaking skills (Y) as evidenced from the correlation coefficient (r) of 0.393. Determinant coefficient of $R^2 \times 100\% = 0,154 \times 100\% = 15,4\%$. Regression coefficient of 0,365 and uji t = 3,020 with a significance of $0.004 < 0.05 = 0,296$. Meaning, if the higher level of reading interest will cause the higher the students' speaking skills. If the lower level of reading interest will cause the lower the level of students' speaking skills; (3) The reading interest and vocabulary together have a positive influence on speaking skills with coefficient F-test = 83.577 and significance of $0.000 < 0.05$. The coefficient determinant or Adjusted R Square (R^2) = 0.764. Means, the influence of the independent variable (reading and vocabulary) of the dependent variable (speaking skills) of $0.764 \times 100\% = 76.4\%$, so for the remaining 23.6% is influenced by other variables or factors that were not studied.

Conclusions of research are: (1) Mastery of vocabulary students has a correlation with speaking skills; (2) Reading interest has a correlation with on speaking skills; (3) Reading interest and vocabulary together have a positive influence on speaking skills.

Keywords: Mastery of vocabulary, Reading interest, Speaking skills.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Kados ingkang sampun kita mangertosi bilih dipunsebataken wonten salebetipun Kurikulum 2013 Muatan Lokal Basa Jawi nggadhahi karakteristik ing antawisipun kangge nglestantunaken basa, sastra lan aksara Jawi saengga dados satunggaling faktor penting kagem neguhaken jati dhiri daerah.

Piwucalan Basa Jawi ing tataran piwucalan SMA/SMK nggadhahi syarat kelulusan tiga inggih punika sikap, pengetahuan saha katrampilan. Dados saksanesipun siswa anggadhahi sikap ingkang sae, ugi kedah nggadhahi pangetosan utawi ngelmu ingkang faktual, prosedural lan metakognitif ing bidhang Basa Jawi jumbuh kaliyan bakat saha minatipun. Inggih mboten kalah baken malih inggih punika katrampilan siswa / katrampilanipun minangka wujud anggenipun ngrembakakaken kreatifitas saking ngelmu ingkang dipunsinau wonten ing pawiyatan.

Salebetipun Kompetensi Inti nyebataken bilih kompetensi dasaripun wonten nanggapi utawi paring panyaruwe, nyerat, saha saged ngaturaken teks sesorah. Katrampilan ngaturaken teks sesorah punika saged dipunwastani katrampilan siswa ing babagan micara khususipun ngginakaken basa Jawi.

Katrampilan micara punika ugi klebet wonten ing pola pemikiran mikro (jagad cilik) Kurikulum 2013 ingkang nyebataken bilih pola piwucalan Basa Jawi kagem mbentuk kapribadhen saha jati dhiri masyarakat tanah Jawi ingkang

katingal saking pocapan, patrap saha polatan. Salajenipun dipunsebataken piwucalan Basa Jawi minangka *proses pembiasaan* anggenipun ngginakaken basa Jawi ingkang laras saha leres salebetipun sesrawungan saha interaksi salebetipun kulawarga lan masyarakat jumbuh kaliyan kaidah, etika saha norma ingkang dipunagem.

Esensi basa inggih punika micara (*komunikasi*). Basa punika satunggaling alat komunikasi ingkang penting salebetipun sesrawungan. Basa minangka sarana komunikasi antawisipun sedaya makhluk wonten ing saindeging jagad, amargi karena basa kita saged mangertosi maneka warni informasi.

Bloomfield salebetipun Slamet (2009:12) ngandharaken:

semua aktivitas manusia yang terencana didasarkan pada bahasa. Bahasa sendiri mempunyai bentuk dasar berupa ucapan atau lisan. Jadi jelas bahwa belajar bahasa pada hakikatnya adalah belajar komunikasi, dan komunikasi itu adalah berbicara.

Bygate salebetipun Slamet (2009:18) ngandharaken:

dalam berbicara seseorang harus mempunyai pengetahuan ketrampilan perspektif motorik, dan ketrampilan interaktif. Maka agar dapat bercerita dengan baik seseorang harus mempunyai kompetensi kebahasaan yang memadai serta unsur-unsur yang menjadi syarat proses berbicaranya dapat lancar, baik dan benar. Unsur-unsur tersebut adalah lafal, intonasi, ejaan, kosakata dan sebagainya.

Samangke katrampilan micara dipunanggep minangka salah satunggaling katrampilan ningkang dados tolok ukur salebetipun nemtokaken kualitas anggenipun kita menggalih. Micara minangka ekspresi saking gagasan-gagasan kita ingkang mentingaken komunikasi ingkang sipatipun kalih arah inggih punika maringi lan nampi.

Menawi dipungatosaken saben dintenipun, mboten sedaya siswa saged micara kanthi sae saha maringaken pesen ingkang kamot punika dhumateng

tiyang sanes kanthi sae ugi. Punapa malih ngginakaken Basa Jawi ingkang leres. Katrampilan salebetipun nyelarasaken punapa ingkang wonten salebetipun pikiran utawi manah kaliyan punapa ingkang dipunucapaken, pramila tiyang sanes ingkang midhangetaken dipunajab saged nggadhahi pangertosan saha pemahaman ingkang sami kaliyan ingkang dipunkajengaken pamaos.

Katrampilan micara minangka sarana komunikasi lan sangu kangge gesang bebrabayan ing masyarakat. Namung kemawon para siswa menawi dipunparingi tugas ingkang gegayutanipun kaliyan tugas micara tansah nemahi reribet mliginipun babagan anggenipun milih *kosakata* ingkang pas, kirang lancar anggenipun micara saha kirang cetha anggenipun ngedalaken panguneg-unegipun.

Babagan punika kedah dipunakeni bilih sabab musababipun mboten namung saking andhaping katrampilan siswa ing babagan micara, nanging saged ugi saking dwija utawi pengajar ingkang kirang intensif salebetipun nangani perkawis punika. Metodhe ingkang kirang pas, pengelolaan piwucalan ingkang kirang optimal saha kirangipun kesempatan para siswa kangge ngedalaken uneg-uneg utawi panyaruwe minangka sabab-musabab mboten kasilipun siswa saged micara kanthi leres.

Menawi dipungatosaken faktor ingkang dominan dados sabab-musabab andhapihin katrampilan micara inggih punika andhapihin ngelmu babagan basa utaminipun *kosakata* saha winatesipun katrampilan utawi pengalaman ingkang dipunaturaken kaliyan lawan micara saha pamireng. Jumbuh kaliyan ingkang dipunaturaken Tarigan (1994:2) bilih “*kualitas ketrampilan berbahasa*

seseorang jelas bergantung kepada kuantitas dan kualitas kosakata yang dimilikinya”.

Faktor sanes ingkang dipunanggep mengaruhi katrampilan micara inggih punika minat maos. Kanthi minat maos ingkang inggil, mesthinipun saged ngindhakaken konsep, ngelmu saha teknologi ingkang tamtunipun ugi ndhukung katrampilan anggenipun micara.

Pramila perpustakaan minangka sumber informasi kagungan gina ingkang ageng kangge para siswa. Perpustakaan sekolah ingkang sae saged ndhukung para siswa ingkang gadhah minat maos ingkang inggil. Namung kemawon mboten sedaya siswa nggadhahi kekajengan / minat maos ingkang inggil. Kirangipun minat andadosaken andhapipun panguwaosan kosakata. Kanthi mekaten siswa ingkang minatipun andhap dhumateng maos lajeng sekedhik ugi panguwaosan kosakata. Bab punika lajeng ngambra-ambra dumugi anggenipun pacelathon utawi micara. Tarigan (2008:53) ngandharaken bilih *“tanpa kemampuan berbicara yang memadai, siswa tidak dapat mengekspresikan, menyatakan dan menyampaikan pikiran, gagasan dan perasaan dengan baik”.*

Adhedhasar pawadan ing nginggil punika, panyerat kasengsem mendhet penelitian gina nguji wonten utawi mbotenipun sesambetan antawisipun panguwaosan kosakata lan minat maos kaliyan katrampilan micara.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar pawadan pamilihing irah-irahan, gegayutanipun kaliyan katrampilan micara siswa pramila wonten pinten-pinten perkawis ingkang saged kasebat ing ngadhap punika:

1. Katrampilan micara siswa saged katingal saking lafal, intonasi, ejaan, *kosakata* lan sanesipun. Namung, siswa kathah ingkang mboten kagungan panguwaosan *kosakata* ingkang sae.
2. Katrampilan micara siswa saged dipunpengaruhi saking pinten-pinten perkawis, antawisipun: *minat* maos lan penguasan *kosakata*. Namung, siswa kathah ingkang mboten kagungan minat maos ingkang inggil lan panguwaosan *kosakata* ingkang sae.

C. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar andharan ing pawadan pamilihing irah-irahan ing nginggil, momotaning perkawis ing panaliten punika kados kasebat ing ngandhap punika:

1. Punapa wonten sesambetan antawisipun panguwaosan *kosakata* kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?
2. Punapa wonten sesambetan antawisipun *minat* maos kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?
3. Punapa wonten sesambetan antawisipun *minat* maos lan panguwaosan *kosakata* kanthi sesarengan kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?

D. Ancasing Panaliten

Adhedhasar momotan prekawis ing nginggil, ancasing panaliten kados ingkang kasebat ing ngandhap punika:

1. Kagem mbuktekaken wonten mbotenipun sesambetan antawisipun panguwaosan *kosakata* kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?

2. Kagem mbuktekaken wonten mbotenipun sesambetan antawisipun minat maos kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?
3. Kagem mbuktekaken wonten mbotenipun sesambetan antawisipun minat maos lan panguwaosan *kosakata* kanthi sesarengan kaliyan katrampilan micara siswa kelas XI SMK Negeri 3 Purworejo?

E. Mumpangating Panaliten

Mumpangat ingkang saged kapundhut saking panaliten punika inggih punika nyakup mumpangat teoretis lan mumpangat praktis.

1. Mumpangat Teoretis

- a. Panaliten punika dipunajab saged maringi kawruh wonten mbotenipun sesambetan ingkang signifikan antawisipun minat maos lan panguwaosan *kosakata* kaliyan katrampilan micara.
- b. Maringi informasi sepinten kathahipun sesambetan antawisipun minat maos saha panguwaosan *kosakata* kaliyan katrampilan micara.
- c. Maringi sumbangsih kagem teori pasinaon babagan micara saha variabel-variabel ingkang nyengkuyung katrampilan micara.
- d. Asil panaliten punika saged kagem ngindakaken wawasan ngelmu mliginipun pasinaon Basa Jawi saengga panaliten sanes salajengipun langkung sae malih.

2. Mumpangat Praktis

- a. Kagem Siswa
Saged mangertosi sepinten kesagedan siswa ing babagan katrampilan micara, minat maos saha panguwaosan *kosakata*.

b. Kagem Dwija

- 1) Saged dados petangan babagan wigatosipun minat maos lan panguwaosan kosakata kagem ngindhakaken katrampilan micara saengga dwija saged paring piwucalan katrampilan basa kanthi komplit.
- 2) Minangka pamrayogi dwija Basa Jawi kangge nemtokaken strategi pasinaon micara ingkang trep saengga ancasing piwucalan micara saged kasembadan.

c. Kagem Pawiyatan

Kanthi tesis punika dipunpikajengaken saged maringi sumbangsih ugi njurung pawiyatan kagem nindakaken inovasi wonten ing kualitas pasinaon Basa Jawi.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar kasilipun panaliten wonten ngajeng, pramila saged dipunpendet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Panguwaosan *kosakata* siswa (X_1) anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara (Y) ingkang katingal saking koefisien korelasi (r) = 0,820. Sumbangan sesambetan antawisipun panguwaosan *kosakata* dhumateng katrampilan micara inggih menika $R^2 \times 100\% = 0,672 \times 100\% = 67,2\%$. Koefisien regresi 0,398 lan uji $t = 10,125$ kanthi signifikansi $0,000 < 0,05$. Pramila, menawi tataran panguwaosan *kosakata* tambah inggil badhe tambah inggil ugi tataran katrampilan micara siswa. Menawi tataran panguwaosan *kosakata* andhap badhe mandhapkan tataran katrampilan micara siswa.
2. *Minat* maos (X_2) anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara (Y) ingkang katingal saking koefisien korelasi (r) = 0,393. Sumbangan sesambetan antawisipun *minat* maos dhumateng katrampilan micara inggih menika $R^2 \times 100\% = 0,154 \times 100\% = 15,4\%$. Koefisien regresi 0,365 saha uji $t = 3,020$ kanthi signifikansi $0,004 < 0,05$. Pramila, menawi tataran minat maos tambah inggil badhe tambah inggil ugi tataran katrampilan micara siswa. Menawi tataran *minat* maos andhap badhe mandhapkan tataran katrampilan micara siswa.

3. Panguwaosan *kosakata* saha *minat* maos sesarengan anggadhahi korelasi kaliyan katrampilan micara amargi koefisien korelasi ganda (R) = 0,897. Koefisien determinasi (R^2) = 0,674. F-test = 83,577 kanthi signifikansi 0,000 < 0,05. Kanthi menika, sumbangan sesambetan antawisipun variabel bebas (panguwaosan *kosakata* saha *minat* maos) dhumateng variabel tergantung (katrampilan micara) inggih menika $0,764 \times 100\% = 76,4\%$, pramila kekiranganipun 23,6% dipunkorelasii kaliyan variabel utawi faktor sanes ingkang mboten dipuntaliti.

B. Implikasi

1. Panguwaosan *kosakata* kagungan korelasi dhumateng katrampilan micara siswa, pramila:
 - a. Panguwasoan *kosakata* siswa kedah dipuntingkataken, pramila dwija kedah saged ndorong siswa supados tansah ningkataken panguwaosan *kosakata*, lumantar asring maos kamus, pawarta, cerpen, novel lan sanesipun. Panguwaosan *kosakata* wonten kalih inggih punika *reseptif (pasif)* lan *produktif (aktif)*. Panguwaosan *kosakata reseptif* dipunginakaken kagem komunikasi ingkang sipatipun nampi kadosta nyemak lan maos. Panguwaosan *kosakata produktif* dipunginakaken kagem komunikasi ingkang sipatipun ngedalaken idhe dhumateng tiyang sanes kadosta micara lan nyerat. Panguwaosan *kosakata* inggih punika kathah sekedhikipun *kosakata* ingkang dipungadhahi siswa. Bab-bab ingkang saged mengaruhi *penguasaan kosakata* inggih punika: *latar belakang pengetahuan*, yuswa, tingkatan pendhidhikan lan *referensi*.

- b. Kangge ningkataken supados siswa gadhah panguwaosan kosakata ingkang inggil, dwija asring paring tugas (PR) dhumateng siswa supados damel kamus. Supados padamelan menika mboten awrat kangge siswa, saben siswa utawi kelompok namung damel kamus ingkang kawiwitan huruf “A”. Siswa utawi kelompok sanes damel kamus ingkang kawiwitan huruf “B” lan salenjengipun. Kanthi mekaten, menawi sedaya pakaryan siswa dipunkempalaken sampun dados kamus ingkang komplit, saha saben siswa saged fotokopi kangge ningkataken *kosakata* siswa.
- c. Wonten ing pasinaon, dwija asring paring tugas dhumateng siswa supados latihan pidato (micara). Katrampilan micara inggih punika katrampilan ingkang kaiket lan mbetahaken sekawan komponen basa kadosta *tatabahasa*, *kosakata*, *kelancaran* lan *memahami*. Ananging bab punika mboten ateges bilih siswa kedah panguwaosan sedaya komponen punika langkung rumiyin saderengipun piyambakipun gladen micara. Kangge gladen micara, Mulgrave salebetipun Tarigan (2008: 26) wonten sekawan metodhe: (1) Sesorah dadakan / *Impromptu delivery*. Wonten ing metodhe punika pamicara namung kagungan wekdal kagem milih idhe pokok kemawon. Ing ngriki pamicara kedah paring pangandikan sacara dadakan sangajenipun tiyang kathah, punapa ingkang dipunngendikaken namung sangu saking pengalamanipun piyambak wekdal-wekdal saderengipun; (2) Sesorah tanpa persiapan / *Extemporaneous delivery*, inggih punika sesorah ingkang ngginakaken cathetan-cathetan baken salebetipun kertas alit supados nggampilaken anggenipun pangandikan sangajenipun pamidhanget; (3) Sesorah kanthi

naskah / *Delivery from manuscript*, metodhe punika ngginakaken naskah kagem pamicara saengga ngampilaken anggenipun pangandikan. Pamicara adat saben kedah mahami rumiyin menapa ingkang badhe kawaos supados mboten klentu medhot mandheg punapa dene nerasken maos teksipun; (4) Sesorah kanthi pangemut-emut utawi apalan / *Delivery from memory*. Sesorah punika ngginakaken cara apalan, menawi pangemut-emutipun sae, pamicara saged panguwaosan punapa ingkang dipunngendikaken kanthi komplit, saengga mboten nemahi perkawis salebetipun micara.

2. Minat maos kagungan korelasi dhumateng katrampilan micara siswa, pramila:
 - a. *Minat* maos siswa kedah dipuntingkataken, pramila dwija kedah saged ndorong siswa supados remen maos, amargi siswa ingkang remen maos badhe pikanthuk informasi ingkang kathah kangge ningkataken wawasan saha pangertosan. Amargi minat punika saged dados panjurung ingkang tuwuh saking salebeting jiwa siswa kagem njurung raos *tertarik* siswa lan nyebabaken siswa punika kangge mbudidaya, tumindak kanthi intensitas ingkang langkung inggil dhumateng sedaya waosan ingkang saged ningkataken informasi utawi *wawasan*. Kaprigelan menika jumbuh kaliyan *komprensensi* utawi *katrampilan pemerolehan pengetahuan* ingkang ndadosaken satunggaling siswa saged pikantuk informasi minangka kasiling saking maos *bahasa* tulis. Kangge mujudaken kegiatan maos ingkang langkung sae malih pramila para siswa kedah

saged konsentrasi saengga saged mujudaken *aktivitas jiwa* kanthi *optimal*.

- b. Kangge ningkataken supados siswa remen maos, pramila dwija asring paring tugas (PR) dhumateng siswa supados maos samubarang waosan kados dene cerpen, novel, pawarta, lan sanesipun, saha siswa dipunparingi tugas damel dudutan saking waosan ingkang dipunwaos. Kanthi mekaten maos inggih punika kagiyatan nafsiraken simbol-simbol ingkang kaserat, wondene mahami inggih punika kagiyatan menggalihaken supados saged nangkep makna ingkang dipunwaos. Minat maos punika raos *tertarik* kangge maos ingkang tuwuh saking salebetipun jiwa siswa dhumateng kagiyatan ngamati, mahami lan mbiji idhe dhumateng obyek utawi waosan kanthi intensitas ingkang langkung inggil katimbang sanesipun. Pramila, kasil utawi mbotenipun kagiyatan maos gumantung saking kesadaran anggenipun ngrumaosi kabetahan lan gina saking maos. Kanthi kesadaran ingkang inggil, para siswa badhe tansah mbudidaya supados saged maos. Kanthi mekaten samsaya dangu badhe tuwuh minat salebetipun dhiri pribadi kangge ngindhakaken kaprigelanipun.
- c. Wonten ing pasinaon, dwija asring paring tugas dhumateng siswa supados njlentrehaken kanthi tulis utawi lisan dudutan saking waosan ingkang dipunwaos. Babagan njlentrehaken dudutan kanthi tulis menika jumbuh kaliyan metodhe pidhato cara naskah utawi teks, punika juru pamedhar sabda saestu mbekta naskah utawi cathetan pidhato lajeng dipunwaos sawetahipun, mboten dipunapalaken. Cara punika asring

dipunginakaken dening para pejabat utawi punggawaning negari, mliginipun ing upacara-upacara resmi kanthi ancas supados mboten mlenceng kanthi tujuan sakawit, boten klentu saka wekdalipun winates. Dene menawi wonten rembag-rembag sanes antawisipun pejabat kaliyan masyarakat dipunlajengaken ing acara sarasehan utawi temu micara. Babagan njlentrehaken dudutan kanthi lisan jumbuh kaliyan latihan medharsabda ingkang saderengipun sampun damel seratan pidhato lajeng dipunapalaken tembung ngatos ukaranipun persis kaliyan cathetan. Dados mboten mawi pemanggih-pemanggih enggal, amargi sampun kapurba dening cathetan. Ing mriki menawi apalanipun wonten ingkang kesupen lajeng saged thithal utawi kesupen sedayanipun. Pramila cara punika dipunginakaken dening lare-lare ingkang nembe gladen utawi ajar.

C. Saran

1. Kangge meningkataken katrampilan micara siswa, dwija kedah saged ndorong siswa supados remen maos lan ningkataken panguwaosan *kosakata*.
2. Amargi katrampilan micara mboten namung dipunkorelasii minat maos saha panguwaosan *kosakata*, pramila kagem panaliti sanes utawi salajengipun saged ngginakaken variabel utawi faktor sanes kangge naliti katrampilan micara siswa.

KAPUSTAKAN

- Akhadiah, Sabarti; Maidar G. Arsyad; dan Sakura H. Ridwan, 1991. *Menulis I*. Jakarta: Depdikbud (Dirjen Dikdasmen).
- Alwasilah, Chaedar. 1933. *Linguistik Suatu Pengantar*. Bandung: Angkasa.
- Arikunto, Suharsimi. 1997. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2000. *Manajemen Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Budyasusastra, Ki Puspa. 2015. *Panduan Lengkap menjadi MC Profesional dan Ahli Pidato Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Araska Publisher.
- Burhan, Jazir. 1988. *Problema Bahasa dan Pengajaran Bahasa Indonesia*. Bandung: Ganaco.
- Chaer, Abdul. 2006. *Tata Bahasa Praktis Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Crow, L.D, dan Crow, A. 1989. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta: Nur Cahaya.
- Darmawan, Deni. 2014. *Metode Penelitian Kuantitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya Offset.
- Djaali. 2013. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Djaali; Pudji Mulyono; dan Ramly. 2000. *Pengukuran dalam Bidang Pendidikan*. Jakarta: PPs UNJ.
- Djiwandono, Soenardi. 1996. *Tes Bahasa dalam Pengajaran*. Bandung: ITB.
- Endarwati, 2013. "Hubungan Antara Minat Membaca dan Penguasaan Kosakata dengan Keterampilan Berbicara Siswa Kelas VI SD Negeri Se Gugus Diponegoro Batuwarno Wonogiri", *Jurnal Pendidikan, Volume 22, Nomor 3, Nopember 2013, p. 241-251*.
- Endraswara, Suwardi. 2014. *Gati Wicara*. Yogyakarta: Narasi.
- Halim, Abdul, 1988. *Terampil Berbicara*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Husein, Umar. 2003. *Metode Riset Perilaku Konsumen Jasa*. Jakarta: Ghalia Indonesia.

- Kartini Kartono, 1980. *Pengantar Psikologi Umum*. Bandung : Offset Alumni.
- Keraf, Gorys. 1984. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia.
- _____, 1985. *Tata Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- _____, 1986. *Terampil Berbahasa Indonesia I*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mahdum, H., 2006. *Kompetensi Berbicara Anak*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Mahmud, M., 2006. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: Pustaka Setia.
- Margono, S., 2003. *Metodologi Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1988. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra Indonesia*. Yogyakarta: BPEF.
- _____. 2014. *Penilaian Pembelajaran Bahasa Berbasis Kompetensi*. Yogyakarta : BPFE.
- Pateda, Mansoer. 1995. *Kosakata dan Pengajarannya*. Ende: Nusa Indah.
- Roekhan dan Martutik. 1991. *Evaluasi Pengajaran Bahasa Indonesia*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh.
- Rusydi. *Kosakata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Shaleh, Abdul Rahman dan Muhibb Abdul Wahab, 2004. *Psikologi: Suatu Pengantar dalam Perspektif Islam*. Jakarta: Prenada Media.
- Slamet, St. Y. 2009. *Dasar-dasar Ketrampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: LPP UNS dan UNS Press.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Bisnis*. Bandung: Alfabeta.
- _____. 2013. *Metode Penelitian Kombinasi (Mixed Methods)*. Bandung: Alfabeta.
- Suharyati dan Edi Suryanto. 1996. *Retorika BPK*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Sujianto, J. Ch. 1988. *Ketrampilan Berbahasa Membaca-Menulis-Berbicara untuk Mata Kuliah Dasar Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Departemen P dan K.

- Sumadi. 2010. "Hasil Pembelajaran Kemahiran Berbahasa Indonesia dengan Pendekatan Komunikatif". *Jurnal Cakrawala Pendidikan Th XXIX. No.2*. Malang: FBS Universitas Negeri Malang.
- Surakhmad, W., 1994. *Pengantar Penelitian Ilmiah*. Bandung: Tarsito.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- _____. 1994. *Membaca Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- _____. 2008. *Berbicara Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Widyastuti, Ana. 2016. "Pengaruh Minat Membaca Dan Penguasaan Kosakata Terhadap Ketrampilan Berbicara Pidato", *Deiksis*, Vol 8, No 01 (2016), p.1-3.
- Winkel, W.S., 1986. *Psikologi Pendidikan dan Evaluasi Belajar*. Jakarta: Gramedia.
- _____, 1989. *Psikologi Pengajaran*. Jakarta: Gramedia.
- Wiyanto, A., 2001. *Tuntunan Sesorah saha Panata Titi Laksana Prasaja*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Yamin, Martinis. 2007. *Kiat Membelajarkan Siswa*. Jakarta: Gaung Persada Press.
- Yudiono, KS. 1984. *Bahasa Indonesia untuk Penulisan Ilmiah*. Semarang: Undip.
- Zuchdi, Darmiyati, 2008. *Strategi Meningkatkan Kemampuan Membaca: Peningkatan Komprehensi*. Yogyakarta: UNY Press.